# Xibaari Màngaan akum Ñaan Wiisaa gi Ñeel Mbindéef yi Àqu Séy ak Dóor yu Metti Sonnal

Mbooleem ndongo daara mbaate gestukat bu sosoo bitim reew bu am laaj yu jëm ci mbirum màngaan walla ñaanum wiisaa, nu ngi lay digal nga sàkku ndimbalug awookaawu màngaankat yi. Téere bii nag wàll wuy faramfacce yenn ponku yoon wi la, waaye nekkul ab kuutaay guy yedd ci wallu yoon.

**Mos naños dal sama kaw, ndax nin ma jappee màngaankat dina tere ma jëfandikoo li ñeel ndongo daara ji?**

Déedéet. Ci kaw yoon, ndongo yeeg liggéeykat yi ñu mos a dal seen kaw, walla ñu sàkku leen ci lu dul seen coobare, walla ñu fitnaal leen ag doole, wenn yoon wi ñu duppee Tiitaaru Juróom-ñent wu Safaani Njàngale mu atum junneeki juróom-ñenti téeméer ak ñaari lim ak Sart wiy tere dal ci kaw jigéen, ñoo leen ñeel ñoom ñépp, ñu nekk i màngaankat walla déet, ñu am i kayit walla ñàkk koo am.

Boo bëggee ay xibaar walla xam barab yiy toppatoo wër gu yaram ak xelal doomu Aadama, walla ab dëkkuwaay mën nga koo yër fii: https://1is2many.okstate.edu/

Boo bëggee xam li ñuy xaar ci doxalinu ndongo daara yi mën nga yër fii: https://studentconduct.okstate.edu/code

Daara ju mag ji du dal sa kaw ngir feyantu mbaa mu doxal ak yow ci kaw ñaawtéef guñ la taqal.

**Gannaaw am naa kayit mbaa amuma ko, ndax mën naa yobbu nit ci yoon?**

Waaw. Boo bëggee xam lenn ci réew mi nga dëkk luy saafara séy wu awul yoon, xeexum biir kër, génn ak nit gu mujje ci xeex, ak di topp nit fu mu jëm yëral téere bi ñu naan Annual Security Report: https://police.okstate.edu/annual-security-reports

Boo bëggee xam ni ñuy yobboo nit ci yoon mën nga bind ñii:

Oklahoma State University Police Department, OSUPD
104 USDA Building, Stillwater, Oklahoma 74078
405-564-6523
https://police.okstate.edu/
1is2many@okstate.edu

**Boo tooñee yoon ndax am na mennum wiisaa wu ñu lay beral walla turu ngan gu ñu lay jox?**

Waaw. Bu fekkee nit da laa sakku ci doole, walla mu xeex ak yow sa biir kër, walla ngeen génn mu dal sa kaw walla mu lay topp foo jëm, am na yenn wiisaa yu ñu lay beral, muy wiisaa U walla wiisaa T. Boo bëggee am li ñu ëmb waxal ak ab awokaawu màngaankat yi.

| Wiisaa U | Wiisaa T |
|---|---|
| Bu fekkee dañu laa dóor mbaa ñu dofloo ci lu yoon santaanewul, maanaam ñu sàkku la, walla ñu dóor la sa biir kër, walla ñu siif la, walla ñu dal sa kaw, walla weneen xeetu njombe.<br>-Ki ñu tooñ/ kiy dagaan dafa war a biral ne dañu ko tooñ dëgg balaa muy bokk, tamit mu mën a dimbale ñiy cambar mbir mi walla di ko àtte<br>-Mbir mën naa dem ba ñenti at<br>-Boo ci bëggee xam dara, demal waxtaan ak awokaawu màngaankat yi, walla nga yër: | Boo bokkee ci nit yi ñuy jaay<br>-Danga war a déggook sàmmkati yoon yiy cambar sa mbir walla àttekat yiy àtte sarti njaayum nit (ndare mënuloo leen dimbale ndax yaram walla xel mu tële), tamit danga war a wone ne ki ñu toon/kiy dagaan dina dund ak mettit bu ñu ko génnee Etaasini.<br>-Mbir mën naa dem ba ñenti at<br>-Boo ci bëggee xam dara, demal waxtaan ak awokaawu màngaankat yi, walla nga yër: |
| http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status | http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-human-trafficking-t-nonimmigrant-status |

**Ndax am na fii ab biro bu ma mën a dem ñu xamal ma lu bari?**

, International Students & Scholars
250 Student Union, Stillwater, OK 74078
405-744-5459
https://lcl.okstate.edu/iss/
su-iss@okstate.edu

Biro bi ëmb mbooleem ndongo daara mbaate gestukat bu sosoo bitim réew mën naa joxe bépp xibaar ci yelleefu màngaankat yi. Nu ngi leen di yëgal ne booleen beggee safaan melog wiisaa bi ngeen yore, walla ngeen tànn yelleef bu wuutéeg wiisaa F-1 ak J-1 wu ndongo daara yi, wiisaa wu liggéey kat yi, na nga dem waxtaan ak awookaawu màngaankat yi.

**Melokaani Wiisaa yi**

The State University of New York

| Ndongo yi yore wiisaa F-1 ak J-1 | Liggéeykat yi yore wiisaa H-1B, O-1, E-3, walla TN |
| --- | --- |
| • Boo nammee waññi yen wi ñu lay jàngloo faww nga wone leetar bu bàyyeekoo ci fajkat wu ñu raññe ci wallu wer gu yaram, walla yaxi yaram, wall lu jëm ci bopp<br>• Boo bëggee bàyyi jàng ak la la cay fekk<br>• Boo bëggee xam kañ ngay dellu jangiwaat na woon fa woon, bu fekkee ndongo li dafa bàyyil boppam<br>• Boo bëggee indi sa soxna walla sa borom kër ak la la cay fekk<br>• Boo bëggee xam lépp lu jëm ci safaan wiisaa wi ñu la may<br>• Boo bëggee xam lenn ci wiisaa U ak T. (Mën nañu la boole ak awookawu màngaankat yi)<br>• Mën nañu la boole ak awooka wu aay ci liggéeyam | • Boo nammee jël konse ak xeetu wiisaa wu muy jur<br>Boo bëggee indi sa soxna walla sa borom kër ak la la cay fekk<br>• Boo bëggee xam lépp lu jëm ci safaan wiisaa wi ñu la may. Mën nañu la boole ak awookawu màngaankat yi<br>• Boo bëggee xam lenn ci wiisaa U ak T. (Mën nañu la boole ak awookawu màngaankat yi)<br>• Mën nañu la boole ak awookawu màngaankat yi<br>• Dagaankat yiy xaar seen kayit sotti (Nangooguñu may leen kayitu Green Card)<br>• Njurum boo jógee sa liggéeyukaay ca waxtu wa ñu lay dimbale nga am sa kayitu Green Card;<br>• Mën nañu la boole ak awooka wu aay ci liggéeyam |

**Ana lan mooy awokaawu màngaankat yi ak lan mooy liggéeyam?**

Awokaayi màngaankat yi dañoo am i lijaasa jóge ci xam-xam gu màcc ci yoonu màngaan. Dañu fi nekk di taxawu seeni kiliyaan, di leen layal ci barabub àttekaay bu ñu leen woo, muy tiribinaalu màngaankat yi walla muy ndimbal ci bind di dagaan kayit. Awookaa mën yaa yedd ci wàll wu nekk, mën na tamit waxtaan ci li la yoon may. Niki yeneen awokaa yi, awokaa màngaankat yi dañoo waat ci seen barke liggéey ak li leen yoon sant ne dinañu denc bépp waxtaan bu ñu am ak seeni kiliyaan

**Fan ci dëkk bi laa mën a giseeg ab awokaawu màngaankat yi?**

| | |
| --- | --- |
| Ñi yor wallu situaayeng ak tukki bu Etats-Unis (USCIS), Kurélu Nguur giy sàmm Kóoruteefu réew mi (DHS), am na ñaari barab yu muy dimbale mbindéef yi ñu tinu leen walla ñu layal leen ci njëg mu yomb:<br><br>USCIS: Wut ndimbal ci sa Xëtu Webu Askan     USCIS: Wut Xëtu Webu Liggéeyali Yoon | |
| Biro Wooteg Tukki (BIA) dafay joxe ab limu awoka ci réew mu nekk yuy joxe ay liggéeyali tukki ci lodul fay dara wala ci njëg lu yomb. | |
| Mbootaayu Atekati Tukki yu Amerig yi (AILA) dafay maye ab Liggéeyalu Royukaayu Yoonu Tukki ci net bi buy dimbali ndongo daara yu yemamaay wala yu kawe yi mën a gis ab atekatu tukki. | |
| Mbootaayu Atekati Amerig yi itam dafay joxe ay leeral ci niñuy def bag is ay liggéeyali yoon ci réew mu nekk. | |